



SOU DOSYE:

# Desizyon Otorite Siperyè yo:

ATTN:

Demandè

Anplwayè

Selon N.C. Gen. Stat. § 96-15(e), koz sa te vini devan Konsèy Egzamen an ( "Konsèy")

pou **apèl anplwayè** a nan Nimewo desizyon Apèl:..... Odyans nan ka sa te dirije nan dat.....devan Abit APèl.....Prèv dosye yo avèk nempòt agiman brèf oswa ekri nan bon moman ki te soumèt yo te egzamine antyèman.

Lwa sou Sekirite Travay la rekòmande ke Divizyon an dirije odyans yo nan yon fason ki prezève dwa sibstansyèl pati yo. Gade N.C. Gen. Stat. §§ 96-15(c) avèk (f); 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0209. Otreman, tout pati yo dwe benefisyè de yon egalite pwosédiral avèk yon pwosedi regilyè sibstansyèl. Egalite pwosédiral minimal la egzije, tout pati yo jwenn opòtinite pou tande yo. Nan objèktif pou pati yo kapab jwi dwa pou tande yo a, yo dwe enfome. Yon pwosedi regilyè egzije yon aplikasyon ekitab epi egal de lwa a pou tout pati yo. Lè yon demandè te relve de travay li, anplwayè a genyen yon chaj pou pwouve relèv demandè a te pou yon rezon ki t ap diskalifye 1 pou resevwa alokason asirans chomaj yo. Guilford Cty. v. Holmes, 102 N.C. App. 103, 401 S.E.2d 135 (1991); Intercraft Indus. Corp. v. Morrison, 305 N.C. 373, 376, 289 S.E.2d 357, 359 (1982); Umstead v. Emp't Sec. Comm'n, 75 N.C. App. 538, 331 S.E.2d 218, cert. denied, 314 N.C. 67, 336 S.E.2d 405 (1985).

Selon Anplwayè a, demandè a te relve de travay sa pou..... Anplwayè a te afime tou li, oswa li te an posesyon de yon anrejistreman elektwonik ki sipòte rezon separasyon demandè de travay la. Sepandan, anplwayè pa te soumèt yon anrejistreman bay Abit Apèl la avèk demandè a pou odyans lan.

Divizyon an te enfòme pati yo de obligasyon pou prezante tout temwanyaj, anrejistreman, dokiman, avèk lòt prèv yo nan odyans lan. Yon bwochi ble ki gen tit *Appeals & Hearings: Level 1-Appealing an Initial Determination*, ( *Apèl Avèk Odyans: Nivo 1- Kòman fè Apèl yon Rezolisyon Inisyal*), te voye yon rezolisyon pa lapòs bay chak pati yo pa jij la sou nimewo Dosye:.....nan dat..... Pano 5 avèk 6 nan bwochi a ki genyen paj sa yo:

**Kisa mwen ta dwe fè pou prepare pou yon odyans?**

Li avi odyans lan avèk swen. Li tout dokiman ki te vini avèk avi odyans lan pou konnen kisa ki te di konsènan dosye a. Sa pral ede w deside ki temwen ki ta dwe temwanye pandan odyans lan. Ransable tout dokiman, anrejistreman, avèk



lòt prèv ki sipòte dosye w la. Si odyans lan pral fèt pa telefòn, ou

dwe founi kopi prèv ou yo bay Abit Apèl la epi bay chak pati yo anvan dat odyans lan. Pou odyans an pèsòn yo, fè ase kopi pou chak pati yo avèk Abit Apèl la. Si ou pa founi ase kopi bay lòt pati a avèk Abit Apèl la, Abit Apèl la kapab pa pran prèv yo an konsidérasyon lè yon desizyon ap pran konsènan dosye a. Chwazi temwen ou yo epi fè préparasyon pou yo kapab disponib pou odyans lan. Temwen okilè avèk temwanyaj ki vrèman fyab yo toujou pi bon prèv. Temwanyaj premye men yo enkli temwen ki te pran odè pa yo menm, ki te santi, ki te wè oswa ki te tandem sa ki te di oswa ki te fèt. Si genyen yon anrejistreman yon afimasyon konpòtman, anrejistreman an se pi bon prèv, men se pa temwanyaj yon temwen konsènan sa li te wè oswa li te di sou yon anrejistreman ki pa prezante kòm prèv. Si genyen yon afimasyon ke yon pati te siyen dokiman oswa te soumèt yon bagay ekri ou kwè ki enpòtan anpil pou dosye a, ou kapab soumèt prèv sa, men ou dwe founi yon kopi dokiman yo bay Abit Apèl la avèk lòt pati. Pou odyans pa telefòn yo, bay non temwen ou yo avèk nimewo telefòn yo pandan w ap kontakte Abit Apèl la, oswa pandan w ap ranpli epi retounen Kesyonè Odyans pa Telefòn nan ki te vini avèk avi odyans ou an. Gade 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0209.

Yon Avi Odyans, # Pyès Divizyon an:..... , te voye pa lapòs bay pati yo nan dat:....., ( )

jou anvan dat odyans lan. Anplis de lòt enfòmasyon, avi odyans lan te mansyone :

**KÒMAN BAY PRÈV:** Temwanyaj ki asèmante egzije. Si ou vle temwen yo temwanye, yo dwe fè sa nan odyans lan. Si ou genyen dokiman, anrejistreman elektwonik oswa lòt prèv ou vle rèsponsab odyans lan pran an konsidérasyon, ou dwe voye pa lapòs oswa livre yo bay rèsponsab odyans lan epi bay chak pati yo. Prèv yo dwe resevwa anvan odyans lan.

Avi odyans lan te enfòme pati yo tou, yo pa te kapab fè demann pou ranvwaye odyans lan, epi pa te kapab bay enfòmasyon konsènan pwosesis pou fè sa. Si nou te montre bon koz, epi anvan odyans lan, anplwayè a te kapab fè demann plis tan pou jwenn epi/oswa soumèt prèv yo. Yon bon koz dwe yon rezon legalman sifizan ki kapab jistifye yon ekskiz legal pou pa akonpli yon aksyon ki egzije pa lalwa nan eggèsis dilijans rezonab la. Gade 04 N.C. Kòd Admin. 24A .0105(26). “Dilijans Rezonab” vle di mezi pridans, prekosyon, atansyon epi bon jijman ki atann, egzèse pa yon moun rezonab epi pridan nan sikontans patikilye yo. 04 N.C. Kòd Admin. 24A .0105(21).

Li klè nan avi ekri presedan an ke anplwayè a te mete okouran de obligasyon pou prezante nan odyans ki egzije prèv la pou montre tout temwanyaj avèk lòt prèv. Dosye a pa prezante okenn endikasyon kote yo te anpeche anplwayè a prezante pandan odyans lan jan li defini nan 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0201, Dosye a pa gen okenn endikasyon tou kote yo te anpeche anplwayè prezante tout temwanyaj oswa prèv dokimantè, oswa fè demann pou repwograme yon lòt odyans selon 04 NCAC 24C .0207.



# Desizyon Otorite Siperyè yo:  
Paj Twa nan Senk

Kote genyen prèv nan dosye ki sipòte yon konklizyon sou yon pwoblèm materyèl, Konsèy la ka pa pèmèt yon anplwayè plis pase yon opòtinite pou pwodwi prèv pou pwouve demandè a diskalifye pou resevwa alokasyon asirans chomaj yo. Gade Dunlap v. Clarke Checks, Inc., 92 N.C. App. 581, 375 S.E.2d 171 (1989). Konsa, Konsèy la mete fen pou di li pa te benefisyé de pwosedi ki etabli yo. Konsèy la te chwazi pou l pa ouvri dosye sa senpleman paske anplwayè a pa te sovgade dwa li pou prezante temwanyaj oswa lòt prèv, oswa pa te montre bon koz jan li defini 04 N.C. Kòd Admin. 24A .0105(26) pou repwograme yon odyans. Yon bon koz dwe yon rezon ki sifilan legalman pou jistifye yon ekskiz legal paske li pa te rive fè yon askyon ki egzije pa lalwa nan egzèsis dilijans rezonab la. Gade tou Douglas v. J.C. Penney Co., 67 N.C. App. 344, 313 S.E.2d 176 (1984). Nan ka sa, Konsèy la entèdi pou pran an konsiderasyon sèlman prèv sa ki te prezante nan odyans lan. Patrick v. Cone Mills Corp., 64 N.C. App. 722, 308 S.E.2d 476 (1983).

# Desizyon Otorite Siperyè yo.  
Paj Twa nan Senk

Anplwayè a, antanke pati k ap prezante temwanyaj sou anrejistreman elektwonik kòm prèv pou pwouve demandè a ta dwe diskalifye pou resevwa alokasyon asirans chomaj yo, dwe pote chaj li pou montre an premye konpetans prèv yo. Temwen anplwayè a (yo) te dekri kontni anrejistreman an. Temwanyaj temwen an (yo) konsènan kontni anrejistreman yo, repoze sou anplwayè a pou fè fas avèk chaj li, pa te "pi bon prèv" disponib pou montre kontni anrejistreman an oswa kondwit demandè a, epi pa te kapab itilize pou sipòte yon konstatasyon fè sof si li te prèv konpetan. N.C. Gen. Stat. § 96-15(i).

Pou objèktif Kòd Prèv Kawolin Dinò, "ekri" avèk "anrejistreman" genyen lèt, mo, son, nimewo, oswa ekivalan yo, ki dekri an maniskri, daktilografye, enprime, fotokopye, fotografye, empilsyon manyetik, anrejistreman mekanik oswa elektwonik, oswa lòt fòm konpilasyon enfòmasyon. "Fotograf" enkli fotograf, fim X-ray, kasèt video, kreyasyon sinematografik. N.C. Gen. Stat. § 8C-1, Règ 1001. N.C. Gen. Stat. § 8C-1, Règ 1002 avèk 1003, otreman ki koni kòm "règ pi bon prèv," egzije vrè pwodiksyon diplike original ekri, de yon anrejistreman oswa foto nan objèktif pou pwouve kontni yo. Otreman, règ pi bon prèv la egzije eksklizyon yon prèv segondè ki prezante pou pwouve kontni yon anrejistreman lè anrejistreman an te oswa resonableman disponib pou oswa aksesib pa lòt pati k ap prezante prèv yo. Si demandè a te temwanye ke kontni anrejistreman an te jan li prezante pa temwen anplwayè a (yo), nan ka sa li t ap nesesè pou anplwayè a pwodwi anrejistreman an. Gade N.C. Gen. Stat. § 8C-1, Règ 1007. Sepandan, depi demandè a te refize ni evènman ki te rive pandan anplwayè a te fè demann nan, epi anrejistreman an t ap montre vèsyon evènman anplwayè a, pwodiksyon anrejistreman an te esansyèl si kontni an te pwouve pa anplwayè a. nan ka sa, pi bon prèv de sa ki te rive a enkli demandè a men se pa temwanyaj temwen yo konsènan sa li oswa yo te wè oswa tandem sou yon anrejistreman, men se anrejistreman an pou kont li.

Kòm dènye moun k ap chèche fè nan ka ki enplike demann ki konteste pou alokasyon asirans chomaj yo, Konsèy la mete fen pou di, pi bon prèv yo te resonableman disponib oswa te aksesib pa anplwayè a. Konsa, fè ki te twouve pa Abit Apèl la te sipòte pa prèv konpetan epi ki kredib ki genyen nan dosye a, epi pran yo tankou se pa l. Konsèy la te mete fen pou di tou, Abit Apèl la te te byen epi kòrèkteman aplike Lwa sou Sekirite Travay la (N.C. Gen. Stat. § 96-1 et seq.) nan fè ki twouve yo, epi desizyon ki soti a te annakò avèk lwa a epi avèk fè yo. Konsa,



# Desizyon Otorite Siperyè yo:  
Paj Kat nan Senk

anplwayè a pa te rive fè fas avèk chaj pou pwouve demandè te relve pou move kondwit epi ta dwe refize de tout alokasyon selon definisyon N.C. Gen. Stat. § 96-14.6.

. (PA  
Desizyon Abit Apèl la (**AFIME**)(**ENVÈSE**)(**MODIFYE**).

Demandè a **DISKALIFYE** pou alokasyon asirans chomaj yo k ap kòmanse **DISKALIFYE**) epi pral resevwa alokasyon asirans chomaj la k ap kòmanse .

Manm Konsèy Egzamen yo: John S Doe avèk Susan S Doe te patisipe nan apèl sa epi te dakò avèk desizyon sa a.

Sa se .

### KONSÈY EGZAMEN AN

---

Prezidan

**NÒT:** Desizyon Otorite Siperyè a pral vin definitif nan trant (30) jou aprè li voye pa lapòs sof si yon petisyon pou egzamen jidisyè depoze avèk kou siperyè a jan li endike pi ba a. Dat li voye pa lapòs la twouve nan dènye paj desizyon sa. Menm si Konsèy la pa bay avi jiridik, silvouplè konsilte bwochi ki atache a pou plis konsèy sou kòman pou fè apèl yon Desizyon Otorite Siperyè. Bwochi a disponib nan biwo travay piblik yo nan tout Eta a, epi sou sitwèb Divizyon Sekirite Travay la. Ou kapab vizite tou seksyon *Kesyon ki Souvan Poze* yo sou sitwèb Divizyon Sekirite Travay la nan [www.des.nc.gov](http://www.des.nc.gov), epi konsilte yon avoka selon chwa w.

### DWA APÈL POU EGZAMEN JIDISYÈ

Apèl apati de Desizyon Otorite Siperyè sa dwe depoze avèk Grefye Kou Siperyè a pa moun k ap fè petisyon an nan zòn kote li rezide a, oswa kote moun k ap fè petisyon an genyen espas prensipal biznis li. Si yon pati pa rezide nan okenn zòn oswa genyen espas prensipal biznis li nan nenpòt kanton nan kawolin Dinò, apèl yo dwe depoze avèk Grefye Kou Siperyè kanton Wake county a, Kawolin Dinò oswa avèk Grefye Kou Siperyè kanton kawolin Dinò kote kontestasyon an te fèt la.

Desizyon de Otorite Siperyè a pral vin definitif trant (30) jou aprè li voye pa lapòs sof si yon petisyon ki te rive alè pou egzamen jidisyè depoze avèk kou siperyè a an konfòmité avèk N.C. Gen. Stat. §§ 96-15(h) avèk (i).

ENPÔTAN – GADE PAJ KI SWIV LA



Kopi tout petisyon pou Egzamen Jidisyè ki depoze bay Grefye Kou Siperyè a dwe voye bay Divizyon Sekirite Travay la ("Divizyon") avèk tout pati ki enskri nan pwesesis la nan delè dis (10) jou de lè petisyon an te depoze a. Kopi petisyon an dwe voye pa sèvis pèsònèl oswa yon adrès lapòs, retounen resi ki egzije a. Petisyon pou egamen kou siperyè a dwe voye ladan epi adresse avèk ajan ki imatrikile pou sèvis trètman nan Divizyon an:

A. John Q Lawyer  
Konseye Jiridik an Chèf  
Depatman Komès Kawolin Dinò  
Divizyon Sekirite Travay  
**Adrès Lapòs:** Post Office Box 25903, Raleigh, NC 27611-5903  
**Adrès Fizik:** 700 Wade Avenue, Raleigh, NC 27605-1154

**NÒT:** Si ou te enfòme avèk yon petisyon pou egzamen jidisyè pa lòt pati a, ou p ap yon pati pou pwosesis egzamen jidisyè a sof si ou: (1) Enfòme kou siperyè a nan delè dis (10) jou aprè ou resevwa petisyon ke ou vle vin yon pati nan pwosesis yo, oswa (2) depoze yon mosyon pou entèvni jan li dekri nan N.C. Gen. Stat. § 1A-1, Règ 24.

### **AVI POU TOUT PATI KI ENTERESE**

Yon reprezantan legal jan li defini nan 04 N.C. Kòd admin. 24A .0105(32) ( enkli moun antrepriz tyès pati yo k ap sèvi antanke anplwayè administratè asirans chomaj la) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84 and § 96-17(b). Avi avèk oswa Sètifikasyon sipèvizon yon avoka dwe ekri konfòm avèk 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504. **Yon reprezantasyon legal nan pwosesis jidisyè dwe an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84.**

Selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504, lòske yon pati genyen yon reprezantan legal, tout dokiman oswa enfòmasyon ki rekòmande pou founi yo pral voye sèlman bay reprezantan legal la. Tout dokiman ki te founi pa yon reprezantan legal yon pati pral genyen menm fòs epi menm efè tankou si li te voye dirèkteman bay pati a.

**Pou demann ki depoze pandan oswa aprè 30 Jyen 2013 yo, demandè a fè sijè ranbousman alokasyon li te resevwa de nepòt desizyon jidisyè oswa administratif ki ranvèse pita pandan apèl la.** N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).

**AVI ESPESYAL POU DEMANDÈ YO:** Si ou t ap resevwa oswa te deja resevwa alokasyon asirans chomaj annakò avèk demann ki soulinye a epi avèk Desizyon Otorite Siperyè a rann ou pa elijib oswa diskalifye pou tout oswa yon pati nan alokasyon sa yo, kounyeaya ou kapab jwenn yon pèman anplis de alokasyon yo selon N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2). Si yon pèman anplis te kreye pa Desizyon Otorite Siperyè a, ou pral resevwa pa lapòs yon avi separe de pèman anplis la oswa rezolisyon pèman anplis de Divizyon Entegrite Alokasyon/ Seksyon Kontwòl Pèman Alokasyon an. Avi pèman anplis la oswa rezolisyon pèman anplis la dwe mansyone, pami lòt bagay yo, montan pèman anplis ou an avèk tout penalite ki aplike. Silvouplè pran nòt, sèl mwayen ou kapab konteste pèman anplis la se fè depozisyon yon petisyon pou egzamen jidisyè de Desizyon Otorite Siperyè sa nan tribunal ki founi pi wo a, epi an konfòmite avèk lwa kawolin Dinò. Nan petisyon ou an, ou dwe espesifye kelkeswa w ap aple (1) rezulta diskalifikasyon an oswa elijiblite avèk oswa (2) rezolisyon final ou te resevwa yon pèman anplis alokasyon.

Desizyon ki te voye pa Lapòs:

Apèl ki te depoze: